

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Panalungtikan nu miboga udagan pikeun nganalisis jeung medar ngeunaan kasalahan éjahan dina karangan narasi kaulinan barudak sarta faktor nu mangaruhan siswa kelas VII SMP Negeri 9 Bandung taun ajar 2022/2023 geus dilaksanakeun sarta miboga sababaraha kacindekanana.

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran nu geus dijéntrékeun dina bab IV, cindekna réa kénéh kasalahan éjahan nu dilarapkeun ku siswa dina nulis karangan narasi kaulinan barudak. Diantarana ngawengku: (1) kasalahan makéna aksara kapanggih aya 500 data; (2) kasalahan nuliskeun kecap kapanggih aya 65 data; (3) kasalahan makéna tanda baca kapanggih aya 65 data; jeung (4) kasalahan nuliskeun unsur serepan kapanggih aya 75 data. Jadi, lamun dijumlahkeun kabéhna aya 705 data. Sangkan leuwih lega, masing-masing kasalahan téh dipasing-pasing deui saperti kieu.

Kahiji, kasalahan makéna aksara téh kapanggih aya 500 data. Dijerona ngawengku: (1) kasalahan makéna huruf vokal, total kasalahanna aya 236 data; (2) kasalahan makéna huruf konsonan, total kasalahanna aya genep data; jeung (3) kasalahan makéna huruf gedé (kapital), total kasalahanna aya 258 data;

Kadua, kasalahan nuliskeun kecap téh kapanggih aya 65 data. Dijerona ngawengku: (1) kasalahan nuliskeun kecap asal, total kasalahanna aya 17 data; (2) kasalahan nuliskeun kecap rundayan, total kasalahanna aya 18 data; (3) kasalahan nuliskeun kecap rajékan, total kasalahanna aya 11 data; (4) kasalahan nuliskeun kecap kantétan, total kasalahanna ngan aya hiji data; (5) kasalahan nuliskeun kecap sulur, total kasalahanna aya opat data; (6) kasalahan nuliskeun kecap pangantét, total kasalahanna aya dalapan data; (7) kasalahan nuliskeun kecap panganteb, total kasalahanna aya opat data; jeung (8) kasalahan nuliskeun angka jeung lambang bilangan, total kasalahanna ngan aya dua data.

Katilu, kasalahan makéna tanda baca téh kapanggih aya 65 data. Dijerona ngawengku: (1) kasalahan makéna tanda titik, total kasalahanna aya 34 data; (2)

kasalahan makéna tanda koma, total kasalahanna aya 19 data; (3) kasalahan makéna tanda élipsis, total kasalahanna aya opat data; (4) kasalahan makéna tanda tanya, total kasalahanna aya tilu data; (5) kasalahan makéna tanda panyeluk, total kasalahanna aya tilu data; (6) kasalahan makéna tanda kekenteng, total kasalahanna ngan aya hiji data; jeung (7) kasalahan makéna tanda panyingget/apostrof, total kasalahanna ngan aya hiji data.

Kaopat, kasalahan nuliskeun unsur serepan téh kapanggih aya 75 data. Dijerona ngawengku: (1) kecap serepan ti basa Indonesia ka basa Sunda, total kasalahanna aya 52 data; (2) kecap serepan ti basa Inggris ka basa Sunda, total kasalahanna ngan aya hiji data; (3) kecap serepan ti basa Arab ka basa Sunda, total kasalahanna ngan aya hiji data; (4) kecap serepan nu kamalayon kana basa Sunda, total kasalahanna aya 18 data; jeung (5) unsur serepan dina wangun singgetan, total kasalahanna aya tilu data.

Faktor-faktor nu mangaruhan siswa kelas VII SMP Negeri 9 Bandung taun ajar 2022/2023 ngalakukeun kasalahan éjahan dina karangan narasi kaulinan barudak téh di antarana lantaran: (1) kapangaruhan basa séjén, ngameunangkeun perséntase sagedé 72%, ieu perséntase téh kagolong “luhur”; (2) kurangna pamahaman kana basa nu dipakéna, ngameunangkeun perséntase sagedé 73,75%, ieu perséntase téh kagolong “luhur”; jeung (3) pangajaran basa nu kurang, ngameunangkeun perséntase sagedé 78,5%, ieu perséntase téh kagolong “luhur”.

5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngajembaran élmu pangaweruh tina widang kabasaan hususna basa Sunda sarta ngahudangkeun masarakat lega hususna masarakat nu keur nyuprih élmu dina widang atikan sangkan leuwih merhatikeun kana pentingna éjahan nalika nulis hiji tulisan. Hiji tulisan bisa katitén hadé téh salasihijina ditinggali dina larapna éjahan. Ari tulisan nu miboga éjahan nu hadé téh cirining jelma anu berkualitas dina widang atikanana.

5.3 Rékomendasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sawatara rékomendasi nu kudu ditepikeun, di antarana:

a. Pikeun Guru

Dina pangajaran basa Sunda, hususna dina pangajaran nulis siswa téh masih réa kénéh ngalakukeun kasalahan dina ngalarapkeun éjahan basa Sunda. Ieu hal téh jadi pieunteungeun sangkan leuwih jero deui ngajarkeun ngeunaan éjahan basa Sunda. Komo deui ayeuna geus difasilitasan *Palanggeran Éjahan Basa Sunda Digital* dina hapé android. Éta inovasi téh bisa dimangpaatkeun ku guru sangkan leuwih gampang ngajarkeun ka siswa.

Lamun dina hasil tulisanna, guru diperedih sangkan menerkeun kasalahan éjahan sarta méré catetan nalika aya kasalahan nu dilakukeun ku siswa. Jadi, lain saukur dipeunteun tuluy dibagikeun deui hasilna. Ieu hal téh udaganna sangkan siswa nyaho kana kasalahan éjahan nu dilakukeun ku manéhna.

b. Pikeun Siswa

Siswa kudu leuwih merhatikeun deui kana éjahan nalika nulis hiji tulisan. Lantaran, nalika aya tulisan nu teu luyu jeung aturanna, tangtu bisa ngarobah harti nu rék ditepikeunna. Kitu ogé jeung makéna tanda baca, kudu luyu jeung fungsina sangkan nu maca bisa leuwih ngarti. Lian ti éta, siswa ogé diperedih sangkan leuwih ngeuyeuban kana kosakecap basa Sundana, sangkan teu kapangaruhan ku basa séjén komo deui lamun dicampurkeun jeung basa Sunda.

c. Pikeun Panalungtik Satuluyna

Pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep ieu panalungtikan téh jadi pieunteungeun sarta jadi référénsi panalungtikan satuluyna. Lian ti éta, sangkan leuwih jero panalungtikan ngeunaan éjahan téh kudu miboga inovasi sangkan kasalahan éjahan téh minim dilakukeun ku siswa atawa métode pangajaran anu cocok pikeun ngajarkeun éjahan.